



Pou Piblikasyon Imedya: 02/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN PLIS PASE 60 NOUVO PATNÈ RECHÈCH SOU CHANV ENDISTRIYÈL KI REJWENN PWOGRAM PILÒT ETA NEW YORK LA**

***Agrandi Esè Rechèch yo a plis pase 1,400 Ekta Tè Atravè Nèf Rejyon***

***Yo ap Aksepte Aplikasyon pou Rechèch yo Pwopoze y ap fè sou Pwodwi Alimantè ak Fib la Kounye a [Isit la](#)***

***Sipòte “Southern Tier Soaring” - ki se Plan Estratejik Rejyon an pou Revitalize Kominote yo epi Devlope Ekonomi Rejyonal yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse plis pase 60 nouvo fèm ak biznis te resevwa pèmi pou fè rechèch nan kad Pwogram Rechèch Agrikòl Pilòt sou Chanv Endistriyèl (Industrial Hemp Agricultural Research Pilot Program) Eta a. Nouvo patnè rechèch sa yo agrandi atravè eta a, ki gen ladan sèt konte nan rejyon Southern Tier la, epi yo pral konsantre yo sou etid nan domèn byoteknoloji ak agwonomi, pami lòt domèn ankò. Anplis de sa a, pou lapremyè fwa, yo pral aksepte [aplikasyon](#) pou pwochen patnè rechèch yo ki nan sektè pwodwi agrikòl ak fib yo kounye a sou yon baz kontinyèl.

“Gen yon enterè renouvle nan pwodiksyon ak tretman chanv endistriyèl atravè peyi a, epi avèk kominotè kiltivatè solid ak chèchè inovatè nou yo, New York nan yon bèl pozisyon pou nou trase chemen an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou ofri yon danre altènativ pou agrikiltè nou yo, chanv endistriyèl gen potansyèl pou chanje peyizaj ekonomi agrikòl nou an, kreye djòb epi estimile kwasans atravè rejyon Southern Tier la ak toupatou atravè New York.”

Pou elaji Pwogram Rechèch Agrikòl Pilòt sou Chanv Endistriyèl New York la, Gouvènè Cuomo te anonse yon [solisitasyon ouvèt](#), ki te fini an Novanm 2017 la, sa ki te atire aplikasyon nan men plis pase 100 fèm ak biznis. Aktyèlman, 64 aplikan te resevwa pèmi pou fè rechèch pou sezon kilti 2018 la epi gen rechèch patnè adisyonèl ki nan pwosesis apwobasyon. Anplis de sa a, 18 konpayi New York te enskri pou fè tretman chanv endistriyèl, ki se kle pou fè vanse rechèch sou mache a epi sipòte yon demann kwasan pou pwodwi a baz chanv endistriyèl toupatou nan nasyon an.

Pou nou kontinye fè vanse pwogram pilòt la nan rejyon Southern Tier la ak toupatou atravè eta a, nou ap aksepte aplikasyon pou pwochèn pwopozisyon rechèch sou pwodwi agrikòl ak fib yo kounye a sou yon baz kontinyèl epi pa gen yon dat

limit. Aplikasyon an disponib sou sitwèb Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) Eta New York la [isit la](#).

Ane sa a, avèk nouvo patnè rechèch yo ajoute yo, yo te apwouve apeprè 1,400 ekta tèren agrikòl New York yo pou esè rechèch sou chanv endistriyèl la yo, an konparezon ak 809 ekta an 2017. Pwojè rechèch yo pral konsantre sou itilizasyon chanv endistriyèl kòm yon sous pwodwi alimantè fib ak sereyal, pou pwodiksyon lityè pou bèt yo, izolasyon, granile pou chofaj ak anpil lòt byen konsomasyon ankò.

Chèchè yo pral eksplòre potansyèl kosmetik ak avantaj byenèt kanabidyòl yo (Cannabidiol, CBD). Yo pral mennen travay byoteknoloji epi etidye kilti plant alenteryè ak metòd klonaj yo kòm yon sous posib pou apwovizyonman plant yo ka transplante yo pou kiltivatè yo. Agrandisman Pwogram Rechèch Agrikòl Pilòt sou Chanv Endistriyèl la pral pèmèt yo fè etid ki pi global sou yon bann seri sijè epi ede New York sekirize pozisyon l kòm yon lidè nasyonal nan nouvo endistri chanv endistriyèl nesan an.

### **Angrandisman Kapasite Tretman Chanv Endistriyèl la Toupatou Atravè Eta a**

Konstwi yon kapasite tretman solid pou chanv endistriyèl la enpòtan nan kad sipò pou rechèch sou mache a epi satisfè demann kiltivatè yo pou pwodwi chanv endistriyèl yo toupatou atravè nasyon an. Atravè 18 konpayi tretman ki enskri yo, New York pral gen kapasite pou l trete chanv endistriyèl pou sektè bwason atizanal la, pwodiksyon pwodwi alimantè, lwil CBD pou vant an gwo, chofaj ak materyo konstriksyon yo, fib ak plis ankò.

[Fon Sibvansyon pou Moun k ap fè Tretman Chanv Endistriyèl \(Industrial Hemp Processors Grant Fund\) 5 milyon dola](#) Eta New York la te lanse ane ki sot pase a pou amelyore tretman chanv lan ak sipòte devlopman biznis yo. Pwogram lan ap ede kouvri depans kapital ki gen rapò ak tretman chanv endistriyèl la ki gen ladan nouvo konstriksyon ak acha ekipman yo. An Janvyè 2018 la, Gouvènè Cuomo te anonse eta a te investi 650,000 dola atravè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo (Regional Economic Development Councils) pou etabli yon [etablisman pou fè tretman chanv endistriyèl](#) nan zòn Rejyon Metwopolitèn Binghamton lan k ap koute 3.17 milyon dola. Southern Tier Hemp, ki se konpayi ki ap dirije efò sa, ki devlope, fabrike, epi vann pwodwi sante a baz CBD yo apati itilizasyon yon metòd ekstraksyon brevte.

**Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard Ball, te deklare,** “Angajman Gouvènè nou an ak patnè lejislatif nou yo pran pou yo fè pwogram sa vin yon siksè te ouvri pòt pou nouvel posibilite nan endistri agrikòl New York la ak anpil lòt sektè ankò. Gen anpil milye itilizasyon pou chanv endistriyèl epi nouvo pwojè rechèch sa yo pral kontinye ranfòse konpreyansyon nou genyen sou anpil avantaj li yo. Anmenmtan, pwogram pilòt la ap sipòte opòtinite pou divèsifikasyon sou fèm New York yo nan yon moman kote anpil agrikiltè an difikiltè”.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare,** “Eta New York la ap sipòte rechèch ak pwodiksyon chanv endistriyèl atravè pwojè estratejik Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo te idantifye yo. Pandan endistri a ap kontinye devlope ak agrandi, li pral jenere kwasans ekonomik ak kreye djòb toupatou atravè eta a”.

**Senatè Patty Ritchie, Prezidan Komite Agrikilti Sena a (Senate Agriculture Committee), te di,** “Nou ka asire agrikiltè k ap travay di nan eta nou an yo kontinye gen siksè lè nou ofri yo plis opòtinite pou divèsifye ak agrandi biznis yo. Si nou invest nan agrikiltè nou yo, epi pèmèt yo itilize ide ak kreyativite yo, endistri agrikòl nou an pral sèlman ka devlope. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo ak Komisè Ball pou angajman yo pran anvè agrikiltè nou yo ak investisman y ap fè nan pwogram ki pral ede ranfòse endistri lidè nan eta nou an, ak nan ekonomi New York la an gwo”.

**Senatè Thomas F. O’Mara, te deklare,** “Nou te travay regilyèman pandan plizyè ane ki sot pase yo pou mete Eta New York la alatèt nouvo endistri sa a avèk potansyèl pou divèsifye ekonomi agrikòl nou an, jenere revni ak kreye djòb. Nou ap kontinye vanse vè lavan pou asire devlopman ak kwasans yon endistri chanv endistriyèl ki pral bay nouvel opòtinite ekonomik presye, ak yon pon konpetitif pou agrikiltè ak biznis agrikòl yo, ansanm ak endistri agrikòl eta a an jeneral”.

**Manm Asanble Bill Magee, Prezidan Asanble Komite Agrikilti a (Assembly Agriculture Committee), di konsa,** “Opòtinite ki gen nan pwodiksyon chanv endistriyèl nan New York la depann de rechèch ak devlopman ki ekstrèman benefik pou agrikiltè ak antreprenè inovatè nou yo ki anvizyone avni potansyèl chanv k ap kiltive isit la. Rechèch sa a enstrimantal pou montre opòtinite entrensèk chanv ki kiltive nan Eta New York la genyen pou endistri renouvle, revitalize sa a”.

**Manm Asanble Donna Lupardo te deklare,** “Toupatou nan peyi a moun ap reyalize grand potansyèl chanv endistriyèl genyen pou agrikiltè yo, moun k ap fè tretman yo, fabrikan yo, ak chèchè yo. Mwen trè fyè de wòl lidè Eta New York ap jwe nan konstriksyon nouvo endistri sa a. Tout je kapte sou New York pandan n ap montre sa ki rive lè gouvènman an, ansèyman siperyè, fèm ak lòt biznis yo travay ansanm sou efò inovatè sa a”.

Anons jodi a swiv premye [fowòm rechèch sou chanv endistriyèl](#) Eta a, ki te fèt nan Cornell University a an Fevriye. Fowòm lan fè pati pwopozisyon Diskou Eta Leta 2018 Gouvènè a pou tabli New York kòm yon lidè nasyonal nan rechèch, pwodiksyon ak tretman chanv endistriyèl epi transfòmè ekonomi agrikòl New York la. Li te konekte chèchè yo ak manm akademik yo ak biznis ak moun k ap fè tretman yo pou kapab devlope estrateji pou fè vanse rechèch yo nan rejyon Southern Tier la ak atravè eta a.

An Avril 2017 la, Gouvènè Cuomo te konvoke premye [Somè sou Chanv Endistriyèl \(Industrial Hemp Summit\)](#) Eta a epi li te anonse plizyè mezi l ap pran pou sipòte endistri nesan sa nan New York. Apre sa a, li te siyen lejislasyon k ap tabli yon gwoup travay sou chanv endistriyèl, yon espas yo ka fè tout bagay yon sèl kote ak yon [pajwèb](#) pou sipòte kwasans nan endistri a. Depatman Agrikilti ak Mache a te sekirize tou yon pèmi federal pou fasilite enpòtasyon grèn chanv endistriyèl yo nan non patisipan nan pwogram pilòt Eta a.

Onivo nasyonal, Chanv Endistriyèl jenere prèske 600 milyon dola pa ane nan vant yon bann seri byen konsomasyon, pwodwi endistriyèl ak medikal. Piske li rekonèt enpak potansyèl l ap gen sou fabrikasyon, kreyasyon djòb, ak pwofitabilite fèm atravè Eta New York la yo, Gouvènè a te lanse Pwogram Rechèch Agrikòl Pilòt sou Chanv Endistriyèl la

an 2015. Te gen plis pase 20 patnè rechèch yo te pèmèt kiltive ak fè rechèch sou chanv endistriyèl an 2017.

### **Akselere “Southern Tier Soaring”**

Anons jodi a vin konplemanste tou pwojè “Southern Tier Soaring”, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta te deja investi plis pase 4.6 milya dola nan rejyon an depi 2012 jete baz pou plan – atire fòs travay ki gen talan, devlopman biznis epi pwomouvwa inovasyon.

Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gran Resesyon an; taks sou revni pèsonèl ak taks sou antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Binghamton, Johnson City ak Corning kòm destinasyon pou devlope epi investi. Koulye a, rejyon an ap akselere siksè “Southern Tier Soaring” ak yon envèstisman eta 500 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta la (Upstate Revitalization Initiative), jan Gouvènè Cuomo te anonse li a an Desanm 2015. Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)